Pou Piblikasyon Imedya: 09/17/2015 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 30 GWOUP DWA SIVIL AK LIDÈ ENPÓTAN YO AP RANTRE NAN KANPAY JISTIS EKONOMIK MARIO CUOMO A

Kanpay kap grandi pou sipòte Gouvènè a pou pouse ogmantasyon salè minimòm a $15 nan tout eta

Anons ki te fèt jodia pandan Gouvènè Cuomo ap resevwa Prim Chanpyon Travay nan Senkyèm Dejene anyèl Amsterdam News Labor

Gouvènè Cuomo jodia te anonse ke 30 notab gwop dwa sivil ak lidè kominote enpòtan te rantre nan Kanpay pou Jistis Ekonomik Mario Cuomo, yon inisyativ nan tout eta ki vize pou bati sipò pou yon salè minimòm $15 pou tout travayè yo nan Eta New York. Anons lan te fèt nan senksyèm dejene Anyèl kote yo te bay Gouvènè Cuomo Pri Chanpyon Travay.

“Ogmante salè minimòm nan se pa sèlman yon kesyon ekonomik, se yon kesyon dwa sivil," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Salè minimòm aktyèl la pyeje plizyè milyon Nouyòkè kap travay di nan povrete e li te anpeche yo jwenn yon fason pou yo soti. Sèk visye sa te kite yo nan yon dezavantaj pèmanan e tan chanjman an se kounye a."

Mario Cuomo te yon konbatan pou dwa travayè anvan, pandan ak aprè manda l kòm Gouvènè Eta New York. Li te reyisi ogmante salè minimòm nan pandan de fwa lè li te alatèt administrasyon an, akimile yon total ogmantasyon de 28 pousan. Li te etabli Gwoup Travay Garment Workers pou pwoteje dwa travayè yo epi elimine sweatshops yon fwa pou tout nan eta. E li te etabli premye sendika swen sante konjwen / Eta nan peyi a ki angaje pou kontwole ogmantasyon depans pou swen sante– yon efò ki te ede travayè yo ekonomize plizyè milye dola nan swen. Kanpay Jistis Ekonomik Mario Cuomo a pral kontinye eritaj konba sa pou sila yo ki pi vilnerab nan pouse pou ogmantasyon salè minimòm nan New York an 2016, avèk yon objektif $15 pa èdtan.

Yo pral entwodui yon pwojè lwa nan pwochen sesyon lejislativ la pou yon salè minimòm $15 nan tout eta. Wap jwenn plis enfòmasyon la a.

Óganizsayon ak lidè enpòtan ki te rantre nan Kanpay pou Jistis Ekonomik Mario Cuomo jodia gen ladan:

Óganizasyon

- AARP New York
- Anti-Defamation League
- Asian American Legal Defense and Education Fund
- Asian Americans for Equality
- Center for Popular Democracy
- Children's Defense Fund New York
- Demos
- Empire State Pride Agenda
- Federasyon Latino
- Housing Works
- Labor Council for Latin American Advancement (LCLAA)
- Latino Justice PRLDEF
- League of United Latin American Citizens (LULAC)
- NAACP Legal Defense and Educational Fund, Inc.
- NAACP Konferans Eta New York
- National Asian Pacific American Women's Forum
- National Employment Law Project
- National Latina Institute for Reproductive Health
- National Women's Law Center
- New York Civil Liberties Union
- New York Immigration Coalition
- New York Lawyers for the Public Interest
- LIg Iben New York
- Southern Poverty Law Center
- United Way nan Vil New York
- YWCA nan Vil New York

Lidè yo

- David N. Dinkins, 106th Majistra, Vil New York
- Dolores Huerta, lidè travay ki gen renome ak aktivis dwa sivil
- Ben Jealous, ansyen Prezidan ak PDG NAACP
- Bertha Lewis, aktivis enpòtan ak Prezidan Fondatè Black Institute

David N. Dinkins, 106th Majistra, Vil New York, te deklare: "Gouvènè Cuomo te montre lidèchip nan aksyon l pou fè New York vini premye eta pou ogmante salè minimòm a $15 pa èdtan. Mwen fyè pou m ajoute sipò m kòm lap mande lejislati nan eta pou avanse efò sa yo pou amelyore lavi pou plizyè milyon Nouyòkè kap travay di. Kesyon sa a se osijè ekite ekonomik debaz ak jistis sosyal e li se youn nan anpil faosn ke New York dwe kontinye alatèt peyi a. Toulède Sena ak Asanble a ta dwe fè yon salè minimòm $15 yon reyalite ane sa a."

Ben Jealous, lidè sivik ak ansyen prezidan ak PDG NAACP, te deklare: “Yon ogmantasyon ekitab nan salè minimòm ke yo tap rete tann pandan lontan. Pandan twò lontan travayè yo te rantre pi fon nan povrete akoz de salè ki pat kapab sipòte bezwen

debaz yo. Ogmante salè minimòm a $15 ta gen yon gwo enpak sou plizyè milye travayè ki depann sou li pou sipòte fanmi yo e mwen aplodi vizyon fonse Gouvènè Cuomo pou fè sa vini yon reyalite."

Hazel N. Dukes, Prezidan Konferans NYS NAACP, te deklare: " NAACP Konferans Eta New York sipòte efò Gouvènè Cuomo pou ogamnte salè minimòm nan. Nou konnen aksyon sa se pa sèlman vrè bagay ki pou fèt la, men se bagay moral ki dwe fèt."

Juan Cartagena, Prezidan ak Konseye Jeneral Jistis Latino PRLDEF, te deklare: "Latino Justice PRLDEF sipòte efò sa pou ogmante salè minimòm pou travayè kap touche revni fèb yo anpil ladan yo se travayè latino. Sa a ede anplwaye, fanmi yo ak ekonomi an epi mete aksan a jis tit sou echèk sektè prive a pou soulaje kondisyon presan travayè pòv yo."

Donna Lieberman, Direktè Egzekitif New York Civil Liberties Union, te deklare: "Ogmante salè minimòm nan se yon etap enpòtan, pwogrè ke yo tap rete tann depi lontan sa kap pèmèt plizyè milye Nouyòkè kap travay pou sipòte fanmi yo. Nou ta dwe fè li san reta."

Margaret Fung, Direktè Egzekitif Asian American Legal Defense and Education Fund, te deklare: "Twòp fanmi ap travay nan djòb salè minimòm e yo pa kapab peye pou bezwen debaz yo, tankou lwaye. Efò Gouvènè Cuomo pou ogmante salè minimòm nan a $15/èdtan enpòtan pou kominote Ameriken Azyatik yo nan New York, espesyalman travayè imigran yo ki kole nan travay salè fèb yo. Ogmante salè minimòm nan, ansanm avèk lwa travay ki sevè, se yon etap pwogrè enpòtan nan direksyon pou garanti yon salè desan pou tout Nouyòkè yo."

Bertha Lewis, aktivis enpòtan, Prezidan ak Fondatè Black Institute, te deklare: "New York se kay pou fanmi kap travay di pou reponn a bezwen yo chak mwa, men yo rete bloke nan salè minimòm aktyèl la. Lè nou lite pou salè minimòm $15, Gouvènè a ap takle pwoblèm nan alabaz e mwen fyè pou m kanpe dèyè l nan efò sa a. Sa a se yon pwen desiziv nan lit pou jistis ekonomik ak yon vrè siy sou lidèchip New York."

Dolores Huerta, lidè travay ki gen renome ak aktivis dwa sivil, te deklare: "Ogmante salè minimòm a $15 pa èdtan pral gen yon enpak enpòtan sou plizyè milyon travayè ki depann sou li pou sipòte fanmi yo. Pandan twò lontan Nouyòkè sa yo kap travay di te antre pi fon nan povrete akoz de salè ki pa kapab soutni bezen debaz yo. Sa a pa akseptab nan mond jodia – e New York ta dwe dirije wout la pou yon pi bon klima ekonomik pou travayè yo. Mwen aplodi vizyon fonse Gouvènè Cuomo pou ogmante salè minimòm lan e mwen pral kanpe bò kote l nan lit pou fè sa vini yon reyalite."

Christine Owens, Direktè Egzekitif Pwojè Nasyonal Lwa Travay, te deklare: "Tankou nouvo kontra ak lagè sou povrete, Gouvènè Cuomo mande pou New York dirije wout la nan adopte yon salè minimòm $15 se yon pwogrè istorik nan ede nasyon

rich nou an nan ideyal li sou pwosperite pataje. Se yon omaj adekwat a defen Gouvènè Mario Cuomo ki fè nou sonje ke yo jije yon sosyete nan fason ke manm li yo ki mwen pwisan reyisi. Lefèt ke twòp djòb nan ekonomi nou an jis pa peye ase se yon defi ekonomik ak moral nan tan nou an. Yon salè minimòm $15 ta reyaliyen peman avèk depans lavi pou jiska 3 milyon Nouyòkè— 37% nan mendèv eta— ke rèv la lwen pou reyalize pou yo."

Melanie Hartzog, Direktè Egzekitif Children's Defense Fund-New York, te deklare: "Povrete afekte timoun yo ansanm avèk avni eta nou an. Pwopozisyon Gouvènè Cuomo pou ogmante salè minimòm nan a $15 pa-edtan pral retire plizyè milye timoun nan povrete epi bay sekirite ekonomik pou fanmi yo kap travay di ki gen difikilte pou reponn a bezwen yo."

Joan Entmacher, Vis Prezidan pou Sekirite Ekonomik Familyal nan National Women's Law Center, te deklare: "Pou fi yo ki konstitye majorite mendèv salè minimòm New York, ansanm avèk fanmi yo ki depann sou revni yo, ogmantasyon sa a nan salè minimòm lan vle di mete fen nan nivo-salè- povrete—ak yon vrè chanjman pou yon pi bon lavi ."

Heather McGhee, Prezidan Demos, te deklare: "Enkwayab, travay aplentan pa yon garanti ankò ke ou pral kapab reponn a bezwen debaz yo—ankò mwens reponn a bezwen fanmi ou. Nou aplodi lidèchip Gouvènè Cuomo ki mnade pou yon salè minimòm $15, e kominote a ak gwoup travay yo ki te travay san pran souf pou fè sa vini yon reyalite. Pwopozisyon sa a pral monte nivo lavi pou anpil fanmi ki te gen difikilte pou soti nan dèt e ki pral mennen nou piprè yon New York ki pi ekitab."

Sheena Wright, Prezidan ak PDG United Way of New York City, te deklare: "United Way Vil New York aplodi kanpay salè minimòm $15 pa èdtan Gouvènè Cuomo a. Standa otonòm 2014 la te montre ke plis pase de sou senk kay nan vil New York pa ka reponn a bezwen debaz yo pandan ke 83% ladan yo gen omwen yon adilt kap travay. Kòm UWNYC ap travay pou fè plis Nouyòkè vin otonòm, nou sipòte anpil etap enpòtan sa pou ogmante salè ba nan yon nivo ki pi rapwoche a depans lavi jodia."

Arva Rice, Prezidan ak PDG New York Urban League, Inc., te deklare: "Yon salè minimòm elve enpòtan pou bay plizyè milyon Nouyòkè kap travay di respè ak diferans ekonomik yo merite. Gouvènè Cuomo gen rezon dèske lap lite pou yon ogmantasyon ki pi nesesè, e mwen fyè pou m wè kanpay Jistis Ekonomik Mario Cuomo a prale delavan sou règleman enpòtan sa a. Yon salè minimòm $15 ta retire plizyè milyon moun nan povrete epi ede yo bati yon avni ki pi briyan - li lè pou nou ogmante salè a."

Steven Choi, Direktè Egzekitif Kowalisyon Imigrasyon New York, te deklare: "Nou aplodi Gouvènè Cuomo paske li te kanpe pou Nouyòkè yo. Travayè ki pi vilnerab yo nan New York, anpil ladan yo se imigran, kap chèche pou benefisye nan premye etap enpòtan sa nan bi pou asire ke tout moun gen aksè a yon salè lavi ki desan. Mouvman enpòtan New York nan bon direksyon an se yon siyal pou tout Eta yo gen yon salè ki desan se yon nesesite e nap rete tann pou n travay avèk Eta New York pou asire ke

dwa tout travayè yo rete yon gwo priyorite.”

Jessica González-Rojas, Direktè Egzekitif Enstiti Nasyonal Latino pou Sante Repwodiktif, te deklare: "Antanke lidè yon òganizasyon kap lite pou sante, diyite ak jistis pou latino yo ansanm avèk fanmi yo, nou konnen ke salè elve pral ede asire ke travayè yo ka achte manje, lwaye, swen sante, ak lòt nesesite yo. Li pral ede ekonomi an tou, lè li mete plis lajan nan pòch travayè yo ki pral depanse l pou sipòte fanmi yo. Pou fi yo --ki konstitye yon majorite travayè revni fèb nan New York--salè fèb souvan vle di renonse a pwòp swen sante w pou ekonomize lajan pou fanmi an. Kounye a nou genyen yon opòtinite reyèl pou wè chanjman. Nou rejwenn fi ak fanmi yo toupatou nan New York pou sipòte Kanpay Jistis Ekonomik Mario Cuomo e nou ankouraje ofisyèl piblik yo pou tande vwa travayè yo ki tap pale pandan plis pase dezan pou ogmante salè minimòm nan a $15 pa èdtan. Moman an se kounye a!"

Andrew Friedman, Direktè Egzekitif Adjwen Sant Popilè pou demokrasi, te deklare: “Viv sou salè minimòm aktyèl la nan New York non sèlman enposib, men li kondane fanmi nou yo kap travay di pou yon avni nan povrete. Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, New York ap fè yon pa radikal nan direksyon jistis ekonomik ke travayè nou yo te manke pandan twò lontan. Mwen felisite avansman istorik sa e map rete tann diferans li pral fè nan lavi plizyè milye fanmi kap travay di nan New York.”

Miriam Yeung, Direktè Egzekitif National Asian Pacific American Women's Forum, te deklare: “Fowòm Nasyonal Fanm Azyatik-Pasifik Ameriken aplodi efò Gouvènè Cuomo ansanm avèk lòt lidè yo nan eta pou ogmante salè minimòm nan a $15 pa èdtan. Byenke yo te anplwaye avèk pousantaj ki pi elve pase lòt gwoup rasyal yo, New York se kay plis pase 50,000 Azyatik Ameriken ak Zile Pasifik yo (AAPI) fi yo kap soufri nan povrete e youn sou twa fi AAPI anjeneral ap touche mwens pase yon salè minimòm $15. Fi, timoun, ak fanmi yo soufri akoz de sa. Li lè pou n ogmante salè minimòm lan nan Eta New York.”

Nathan Schaefer, Direktè Egzekitif Empire State Pride Agenda, te deklare: “Nou aplodi Gouvènè Cuomo paske li te rantre nan vag movman sa pou salè ekitab ak angajman l pou sipòte ogmantasyon yon salè minimòm de $15 pa èdtan. Salè ki ba anpil jodia se tankou yon pwa lou kap trennen travayè yo nan tout Empire State la nan povrete. Anpil nan travayè sa yo se LGBT e yo deja sibi diskriminasyon ansanm avèk lòt defi nan kapasite yo pou touche yon salè desan akoz idantite oswa oryantasyon seksyèl yo. Ogmante salè minimòm nan se yon etap nesesè nan bi pou abilite tout travayè yo avèk resous yo bezwen pou pwospere.”

Chris Kui, Direktè Egzekitif Ameriken Azyatik pou Egalite, te deklare: “Ogmante salè minimòm nan se pa sèlman osijè pou ede Nouyòkè kap travay di yo jwenn sa-- se osijè pou ede yo lite pou rèv Ameriken an epi asire ke tout moun gen yon opòtinite egal pou reyisi. Sa Gouvènè nou an ap fè se bay espwa pou sila yo ki merite l, e mwen fyè pou m kanpe avèk li nan lit esansyèl sa a pou jistis ekonomik.”

Charles King, Prezidan ak PDG Housing Works, te deklare: “Ogmante salè minimòm nan se yon etap pwogrè nan bi pou retire baryè a byennèt ak opòtinite pou tout Nouyòkè yo, espesyalman sitwayen nou yo ki pi vilnerab, tankou moun ki gen revni fèb kap viv avèk VIH oswa sila yo ki gen risk pi elve pou enfeksyon, enkli jèn, pòv, ansanm avèk sila yo ki sanzabri oswa ki nan lojman enstab. Sa nap akonpli sou Gouvènè nou an voye yon mesaj fò ke pa gen limit sou sa nou ka reyalize. Ansanm, nap bati yon New York ki pi solid e kap fè yon diferans pou pifò pami travayè izole Nouyòkè yo pami nou.”

Beth Finkel, Direktè Eta AARP nan Eta New York, te deklare: “AARP New York sipòte objektif Gouvènè Cuomo a pou etabli yon salè minimòm desan nan Eta New York, pou ede Nouyòkè yo viv, grandi, epi pran retrèt nan fason endepandan ak nan kominote yo.”

Brent A. Wilkes, Direktè Egzekitif Nasyonal pou Lig Ini Sitwayen Latino Ameriken (LULAC), te deklare: “Sila yo kap travay nan djòb revni fèb yo pa ka reyalize plènman rèv ameriken an, men avèk lit Gouvènè Cuomo a pou ogmante salè minimòm nan a $15, nou sou bon wout la pou rann li posib. Moun kap travay nan Eta New York gen chans paske yo genyen yon Gouvènè ki rekonèt ke yon ogmantasyon ekitab nan salè minimòm nan ka ede kominote yo pwospere. Mwen fyè pou m wè New York ap dirije wout la e mwen gen konfyan li pral etabli yon egzanp pou rès peyi a swiv.”

Hector Sanchez, Direktè Egzekitif Konsèy Travay pou Avansman Lationo Ameriken yo, te deklare: “Kominote Latino a konprann valè travay di, men malerezman, gen twòp moun kap travay di ki gen difikilte pou viv sou salè minimòm nan. Travayè Latino yo merite yon konpansasyon kap pèmèt yo leve tèt yo epi retire fanmi yo nan povrete. New York te fè avansman enpòtan nan garanti yon salè ki reflete e ki respekte travay di yo e mwen gen konfyans ke New York te reyalize l e li pral kontinye fè yon diferans nan lavi travayè kap travay pi di yo nan kominote a.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418